



Pou Piblikasyon Imedya: 02/09/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE MISYON KOMÈSYAL NAN REJYON KARAYIB LA

Misyon Global NY Empire State Development la vize pou ogmante ekspòtasyon ak investisman etranje dirèk pou biznis New York yo

Anons lan reflekte ranfòsman patenarya ekonomik Gouvènè a ant New York ak rejyon an apre [ouvèti Biwo Komèsyal Karayib la ane pase a](#)

Gouvènè Hochul te anonse jodi a yon misyon komèsyal nan Karayib la an Desanm 2024, ki pral pote jiska dis konpayi ki baze nan New York nan de nasyon Karayib yo, ki vize pou lanse ak ogmante efò ekspòtasyon nan rejyon ki enpòtan sou plan ekonomik sa a, ki se yon mache k ap grandi pou Biznis ak kominote Eta New York la. Gouvènè a te fè anons lan nan Dejene Asosyasyon Jounen Kanaval Antiyè Ameriken an maten an.

"New York ak Rejyon Karayib la pataje anpil lyen kiltirèl, istorik ak ekonomik", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Misyon komèsyal sa a pral ranfòse lyen sa yo pou biznis ki baze nan New York ka bati ak devlope patenarya pi pwofon nan tout Karayib la, epi eksplòre opòtinite ekonomik nan mache komèsyal vibwan li yo ki pral benefisye ekonomi nou an epi ankouraje kreyasyon travay nan tout eta a."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Misyon Komèsyal Global NY yo – patikilyèman nan yon rejyon enpòtan nan Karayib la – ofri opòtinite ekstrawòdinè pou biznis ki baze nan New York yo grandi ak elaji lè yo jwenn aksè nan nouvo mache entènasyonal pou machandiz ak sèvis yo. Empire State Development ap fè tout sa nou kapab pou sipòte siksè biznis yo, ki gen ladan konsantre entènasyonalman, sa k ap ranfòse ekonomi nou an epi kreye plis travay ki byen peye pou Nouyòkè yo."

Misyon Komèsyal la, ki patwone pa Divizyon Global NY Empire State Development, pral òganize evènman ak reyinyon ak ekspè lokal yo sou sijè kle tankou komès ak politik taks pou sipòte siksè biznis yo nan Karayib la. Misyon komès la pral prezante tou reyinyon entè-antrepriz (business-to-business, B2B) pou patisipan yo ak achte ak distribite potansyèl yo. Konpayi yo ka aplike pou yo ranbouse yon pati nan depans vwayaj yo atravè Global NY [Pwogram Ekspansyon Komès Eta a \(State Trade Expansion Program, STEP\)](#).

Enfòmasyon sou Global NY

Global NY, yon divizyon nan [Empire State Development](#), ofri asistans finansye ak teknik ki ka konpanse depans ekspòtasyon pou biznis ak òganizasyon New York k ap chèche konekte ak rès mond lan. Sipò ki disponib yo genyen ladan yo sibvansyon ak prè pou ede ti biznis ak biznis mwayen ki kalifye k ap chèche demare oswa ogmante ekspòtasyon mondyal yo ak òganizasyon san bi likratif ki bay asistans pou ekspòtasyon ak edikasyon komèsyal pou konpayi Eta New York yo. Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite www.esd.ny.gov/global-ny-export-assistance.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)